



LIS VERIFIKASYON POU ÈD FINANSYE NOUVO ETIDYAN UF

▶ CRANPLI FAFSA A

Si ou ta vle pou yo konsidere ou pou tout pwogram èd finansye ki disponib yo, ou pral gen pou ou ranpli yon Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Etidyan (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA). Si ou pa deja soumèt yon FAFSA pou ane akademik 2021-2022 an epi ou prevwa pou ou enskri pou Otòn 2021 oswa Prentan 2022, ou ka ranpli FAFSA 2021-22 an nan www.fafsa.ed.gov.

Si ou prevwa pou ou kòmanse ale nan UF nan ete 2021, ou pral gen pou ou ranpli yon FAFSA 2020-21 an tou nan www.fafsa.ed.gov.

- Kòd Federal Lekòl la pou UF se 001535.

▶ TCHEKE NAN ONE.UF

Rive mwa mas 2021, elèv yo kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sou èd finansye yo nan <https://one.uf.edu>. Konekte avèk non itilizatè ak modpas gatorlink ou.

- Gade otorizasyon ak rezime èd finansye ou.
Pifò pwogram èd yo, ankontan Bright Futures, mande pou elèv yo enskri omwen pou mwatye tan (6 èdtan kredi).
- Rapòte bous detid ki pa endike sou rezime bous ou an.
Pa rapòte Bous detid UF yo, Bous detid Bright Futures yo, Florida Prepaid oswa Prè Prive yo.
- Tcheke “Bagay pou fè yo (To-Dos)” ak “Blokaj tanporè yo (Holds)” pou wè si ou gen egzijans oswa dokiman ki manke ki ta ka anpeche debousman èd finansye ou.
Si yo chwazi aplikasyon FAFSA ou an pou verifikasyon federal, ou pral gen pou bay dokiman verifikasyon yo anvan pou yo ka debouse èd pou ou. Reponn byen vit tout demann enfòmasyon oswa dokiman. Piga rete tann jiskaske lekòl la kòmanse soumèt dokiman obligatwa yo. Poze kesyon si ou pa fin sèten osijè nenpòt pati nan pwosesis verifikasyon an.
- Nan ONE.UF, etidyan yo ka siveye debousman/ranbousman èd finansye yo, tcheke finans kanpis la, relve frè ekolaj yo, istwa peman ak PLIS TOUJOU!

▶ FÈ MIZAJOU AK SIVEYE BRIGHT FUTURES

Si ou gen posiblite benefisye yon Bous detid Bright Futures, kontakte Biwo Asistans Finansye Etidyan Florid la (Office of Student Financial Assistance, OSFA) nan 888-827-2004 oswa sou entènèt nan <https://www.floridastudentfinancialaidsg.org>, pou verifie ke University of Florida endike kòm enstitisyon ou ak pou wè eta kalifikasyon ou. Etidyan yo pa oblije ranpli yon FAFSA pou yo kalifye pou yon Bous detid Bright Futures.

▶ EENSKRI NAN DEPO DIRÈK

Depo Dirèk se fason ki pi rapid epi ki gen plis sekirite pou ou resevwa ranbousman èd finansye ou yo. Pou ou enskri, ale nan ONE.UF nan <https://one.uf.edu/campusfinances/directdeposit> epi konekte avèk non itilizatè ak modpas gatorlink ou. Swiv esplikasyon yo sou ekran an.

▶ KESYON SOU ÈD FINANSYE

Sèvis konsèy pou èd finansye disponib nan lòbi Afè Finansye Etidyan (Student Financial Affairs) nan S-107 Criser Hall ant 8:00 a.m. ak 4:30 p.m., lendi jiska vandredi (anwetan jou ferye yo) oswa nan telefòn nan 352-392-1275, email sfa-help@mail.ufl.edu. Konseye èd finansye yo ap disponib tou nan tout sesyon Oryantasyon (Preview) yo.

Student Financial Aid and Scholarships (SFA)

S-107 Criser Hall • Gainesville, FL 32611 • (352) 392-1275

WWW.SFA.UFL.EDU • Follow SFA on social media @UFSFA

UF | UNIVERSITY of
FLORIDA